

Kisa taks ye?

Taks se yon kantite kòb **TOUT** moun dwe peye gouvènman Ameriken an kòm kontribisyon pou yo kapab fè bagay ki enpòtan tankou konstwui lekòl, lopital, ak kenbe zòn yo an sekirite. Se fason sa ou ede kominote kote ou rete a.

Diferan kategori taks

Income Tax ki gen ladan;

Income taks se yon **kòb ou oblije peye gouvènman ameriken an**. Yo pran li sou kòb ou ap touche a.

Li gen Ladann plizyè lot taks tankou **Federal, State, City, ak lot taks anko!**



Federal Income tax

Gouvenman ameriken pran taks sa pou li fe kek bagay enpotan tankou wout, bay sekirite, ak ede moun nan kominote a. Lè ou ap travay, leta pran on pati nan kòb la pou Federal Income Taxes. Fica ee se taks ou peye pou kat "social security" a, et Med EE se taks ou peye pou asirans sante.



State tax

Taks sa se "state" la ki pran li sou ou pou kek bagay tankou lekòl ak Pak. Chak state gen lwa pa li, kantite kòb you pran sou an ka diferan.



City tax

Vil kote ou ap viv la gen pwòp taks li pou w peye li paske wap viv ladan li. Kòb sa ap ede vil la pou li peye lapolis, pwòpte lari ak plas piblik yo.

(N.B sa ka rive ou peye 2 vil diferan taks si kote wap viv ak kote ou travay la diferan)

Kijan sa mache?

Pa egzanp, si ou ap travay pou **100 dola total**. Leta ameriken ka pran **20 dola** ladann pou taks. Donk kòb ou pral touche a pap **100 dola** ankò, men lap **80 dola**, le yo finn retire **20 dola** leta a.



Kòb yo peye w lew ap travay



Total kòb gouvènman an pran sou ou



Gouvènman (federal, stat, vil)

Depandan

Yon depandan se yon moun nan **fanmi w ki gen nimewo sosyal e ki sou responsablite w**. Lè se pral moman pou fil taks, Lew gen depandan, sa ap pèmet ou peye mwens taks. Pa egzanp si wap fè 100 epi ou gen on timoun sou kont ou, leta ka mande w peye 10 dola olye 20 dola. Ou ka deklare tèt ou kòm depandan!

SONJE SA!

Nou menm nan First diversity, nou ap fè anpil efò pou ede noun jwenn djòb. Men sonje sa, **nou pa pran taks sou ou!! Ni nou pa deside ki kantite kòb leta ap retire sou ou. Menm jan an tout, ou pa ka deside ou pap peye taks, ni chanje kantite kòb gouvènman ameriken mande pou peye a**. Taks ou an al jwenn gouvènman an direktman.

Esplikasyon sou Paystub ou an

Kantite Depandan

Federal: 3 State: 3

Earning Statement- keep for your records

Name: **Joe Doe** SSN: ###-##-1234 Check Date: 9/28/23 Check #: 12345678

| Week Worked | Customer-department | Type | Hours | Payrate | Total pay | YTD Hrs. | YTD pay |
|-----------------------|-----------------------|------------|-------|---------|-----------------|----------|-------------|
| 9/18/2023 - 9/24/2023 | First Diversity- Main | Reg | 40.00 | \$14.50 | \$580.00 | 1205.25 | \$17,476.13 |
| 9/18/2023 - 9/24/2023 | First Diversity- Main | OT | 5.50 | \$21.75 | \$119.63 | 121.00 | \$2,631.76 |

| Tax Name | Taxable Grs. | Tax Amt. | YTD Tax |
|------------------------|--------------|------------------|------------|
| Federal Income T | \$699.63 | \$47.76 | \$1,330.53 |
| FICA EE (Social tax) | \$699.63 | \$43.38 | \$1,264.69 |
| MED EE (Medicare tax) | \$699.63 | \$10.14 | \$295.75 |
| Springfield (City tax) | \$699.63 | \$7.00 | \$204.00 |
| OH WH (State tax) | \$699.63 | + \$15.23 | \$436.12 |

| Deduct. Type | Amount | YTD Deduct. |
|--------------|--------|-------------|
| Bkgrd DS | \$0.00 | \$50.00 |

INCOME TAXES

Total tout taks ki soti sou kòb w ap touche a:

\$123.51

Total kòb ou fè Pou Semenn travay la

Kòb ou ap touche apre taks

| | |
|--|------------------------|
| YTD Gross | \$20,397.89 |
| Gross Amt. | \$699.63 |
| Total taks yo retire sou kòb ou | - \$123.51 |
| Net Amt. | <u>\$576.12</u> |

| | |
|---------------------|----------|
| Check Number | 12345678 |
|---------------------|----------|

Chak paystub diferan! Tout moun pa peye menm kantite kòb pou taks. Kantite kòb taks ou peye depann de vil ou ap viv la ak kantite depandan ou genyen. Si, ou gen kesyon sou taks yo pran sou ou, oubyen nenpòt lot bagay ki gen rapò ak paystub ou, tanpri pale ak nenpòt anploye first diversity, nap kontan ede ou.